# आकाशवाणी, गोरखपुर

**दिनांक–26 मार्च 2026** **भोजपुरी समाचार**

प्रधानमंत्री नरेंद्र मोदी के एक बेरि फिरो दुनिया के सबसे लोकप्रिय नेता के रूप में जगहि दिहल गइल हौ। अमरीकी डेटा एनालिटिक्स फर्म मॉर्निंग कंसल्ट की ओरि से कइल गइल नया वैश्विक सर्वेक्षण में ओन्हें अड़सठ फीसदी अनुमोदन रेटिंग मिलल बा। दुइ से आठ मार्च के बिच्चे कइल गइल ऐह सर्वेक्षण में प्रधानमंत्री मोदी अउरियो वैश्विक नेता से बहुते आगे हवें। स्विट्ज़रलैंड क राष्ट्रपति गाय परमेलिन अउर दक्षिण कोरिया क राष्ट्रपति ली जे–म्यंग दूसरका जगहि पर हवें। दुन्नो लोगिन के बासठ फीसदी अनुमोदन रेटिंग मिलल हौ। अमरीका क राष्ट्रपति डोनाल्ड ट्रम्प के ओन्तालिस फीसदी अनुमोदन रेटिंग मिलल अउर उहां के सीर्स दस में सामिल नाही हो सकलें।

**********

मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ आजु गोरखपुर के गीडा में सॉफ्टवेयर टेक्नोलॉजी पार्क्स ऑफ इण्डिया–एसटीपीआई के सेंटर क लोकार्पण कइलें। ऐह मौका पर उहां के कहलीं कि टेक्नोलॉजी विकास के रफ्तार के कई गुना बढ़ा सकेला। श्री योगी कहलें कि डबल इंजन क सरकार स्केल के स्किल में बदलले क कार कइले हवें। उहां के कहलीं कि एसटीपीआई क गोरखपुर सेंटर पूरा पूर्वी उत्तर प्रदेस के नौजवानन के सपना के नया उड़ान देई। श्री योगी कहलें कि गीडा में लगतारे आ रहल निवेस से हजारों के संख्या में पूर्वी उत्तर प्रदेस के नौजवानन के रोजगार मिल रहल बा।

***एक समय था कि गीडा में कुल दो उ़द्योग लगे थे। उन उद्योगों में केवल 29 से 30 करोड़ रूपये की पूंजी लगती थी और पिछले नौ वर्ष में यहां लगभग साढ़े तीन सौ से अधिक उद्योग लगे हैं। 15 हजार करोड़ रूपये से अधिक निवेश हुआ है। पचास हजार से अधिक पूर्वी उत्तर प्रदेश के नवजवानो के लिए नौकरी और रोजगार की संभावना अकेले गीडा ने विकसित किया है।***

**********

मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ आजु राज्य के जनता के भरोसा दिहलें कि खाना पकावे के गैस सिलेंडर खातिर एजेंसी के बहरे लाईन में ठाड़ भइले क कउनो जरूरत नइखे, बलुक तय समय पर बुकिंग करे अउर सिलेंडर आपके घरे ले पहुंचि जाई। गोरखपुर में आजु एगो कार्यक्रम में बोलत मुख्यमंत्री कहलें कि येहि तरियन  पेट्रोल अउर डीजल तब्बे खरीदे जब जरूरति होखे अउर पेट्रोल पंप पर लमहर लाईन लगवले क कउनो जरूरति नाही बा। कुछु लोग अफवाह फइला के माहौल खराब कइले अउर अराजकता फइलावे क कोसिस कई रहल हवे। राज्य के लोगिन के ऐह अफवाहन पर धियान दिहले क जरूरति नाही। मुख्यमंत्री कहलें कि उनकर सरकार सज्जों जिला प्रसासन अउर अधिकरियन के निरदेस जारी कई दिहले हवे  अउर गैस सिलेंडरन क होम डिलीवरी पहिलही के तरियन जारी रही।

**********

चइत नवरातर क आठवें दिन्ने आजु प्रदेस भर में मां दुर्गा के आठवां स्वरूप मां महागौरी क पूजा अर्चना कइल जा रहल हौ। मिर्जापुर के मॉ विंध्यवासिनी मंदिर में ब्रहममुहूर्तवे से श्रद्धालुअन क लमहर लाईन लागल बा।

(बाइट–पीटीसी मिर्जापुर)6

***प्रसिद्ध शक्तिपीठ विंध्याचल मे चैत्र नवरात्र मेले में आज महाअष्टमी तिथि पर देवी भगवती के महा गौरी स्वरूप के दर्शन पूजा करने के लिए आस्था का सैलाब उमड़ रहा है। मंगला आरती से पहले मंदिर जाने वाली सभी चारों गलियां आस्थावानों से भर गईं थीं। गंगा स्नान कर भक्त हाथ में लाल चुनरी, नारियल, माला फूल लिए लाइन में लगे हुए हैं। चारों ओर  जय माता दी के जयकारे की आवाज गूंज रही है। एस एम सबा आकाशवाणी समाचार विन्ध्याचल।***

ऐही तरियन बलरामपुर में मॉ पाटेश्वरी देवी शक्तिपीठ, बनारस क बागेश्वरी माता मंदिर, महराजगंज क लेहड़ा माता मंदिर अउर गोरखपुर क तरकुलहा माता मंदिर अउर बुढ़िया माता मंदिर में दर्शन–पूजन खातिर भोरवे से बड़हन संख्या मे सरधलुअन के आवाजाही क सिलसिला चलि रहल बा।

**********

रामनवमी पर्व के लेके अयोध्या में तैयारी पूरा कइ लिहल गइल हौ। भव्य आयोजन के देखत सुरक्षा क कड़ेर इतिजाम कइल गइल हौ। एगो रिपोर्ट–

***कल रामनवमी के पावन अवसर पर श्री राम जन्मभूमि मंदिर में भव्य आयोजन की सभी तैयारियां पूरी हो चुकी हैं, सुबह 6 बजकर 30 मिनट से विशेष अनुष्ठान शुरू होंगे और दोपहर ठीक 12 बजे भगवान रामलला का जन्मोत्सव मनाया जाएगा, इस दौरान "सूर्य तिलक" का दिव्य दृश्य देखने को मिलेगा जब सूर्य की किरणें सीधे रामलला के ललाट पर पड़ेंगी और इसका प्रसारण अयोध्या के कई स्थानों पर एलईडी स्क्रीन पर भी किया जाएगा, भगवान को 56 भोग अर्पित किए जाएंगे और मंदिर परिसर में बधाई गान व फूल बंगला झांकी श्रद्धालुओं को आकर्षित करेंगी, श्रद्धालुओं की सुविधा के लिए विशेष इंतजाम किए गए हैं और शाम होते ही पूरा मंदिर परिसर भव्य रोशनी से जगमगा उठेगा। तन्मय सोनी, आकाशवाणी समाचार, अयोध्या।***

**********

प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी येह सन्निचर के प्रदेस के जेवर में नोएडा अंतरराष्ट्रीय हवाई अड्डा के पहिला फेरा क उद्घाटन करिहें। एके करीब 11 हजार दुई सौ करोड़ रुपये के लागत से विकसित कइल गइल हौ। ई हवाई अड्डा, देस के सबसे बड़हन ग्रीनफील्ड हवाई अड्डा परियोजनन में से एक हवे अउर उन्नत कार्गो प्रणाली से सुसजित बा।

**********